



Pou Piblikasyon Imedya: 05/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SÈVIS LIMITE KI DWE RESTABLI A 5:00 P.M. SOU LIY 1 AK 3 APRE DERAYMAN METWO A**

***2 Tren ap kontinye kouri sou liy 5 la***

***Retablisman vni yon jou apre derayman***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Transpò Piblik Vil New York Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) pral rekòmanse sèvis tren limite sou liy 1 ak 3 ki mennen ak soti nan yon estasyon 96 Street ki te re-ouvri a 5:00 p.m. jodi a. Restorasyon an vini yon jou apre pasaje yo te fin evakye san danje nan tren ki te deraye yo. Ensidan an, nan estasyon 1 2 3 96 Street la, te enplike yon tren pasaje ki te pote apeprè 300 kliyan ak yon tren vandalize yo te retire nan sèvis nan yon lòt estasyon.

"MTA ap travay san rete pou retabli sèvis tren esansyèl sa a pou Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen rekonesan anvè tout premye sekouris nou yo ki te kapab evakye pasaje yo byen vit yè, ak travayè yo k ap kontinye asire ke sèvis konplè yo retabli pi vit posib."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare,** "Sistèm tren New York la ekstrèmman rezistan epi li te montre yon kapasite pou l reprann byen vit. Nan ka sa a, ekip MTA yo te travay 24 èdtan swivi pou retabli sèvis yo, epi n ap kontinye fè sa jiskaske sèvis konplè yo retabli."

Tren 1 ak 3 yo pral bay sèvis limite nan de seksyon ak sèvis navèt yo bay nan estasyon yo sote yo. Tren 1 an pral kouri nan toude direksyon soti nan tèminal nò li a nan Van Cortlandt Park-242 Street rive nan 96 Street, epi soti nan Times Sq-42 Street rive nan South Ferry. Tren 3 an pral kouri nan toude direksyon soti nan tèminal nò li a nan Harlem-148 Street rive nan 96 Street, epi soti nan Times Sq-42 Street rive nan New Lots Av. Otobis navèt yo pral ofri sèvis pou kliyan yo nan toude direksyon ant 96 Street ak Times Sq-42 Street. Tren 2 ap kontinye kouri sou liy 5 la. Chanjman sèvis sa yo ap anvigè jiskaske yo ka degaje lòt tren yo epi yo ka fini nenpòt reparasyon ki nesesè yo.

Apeprè 3:00 p.m. jedi 4 janvyè, de tren t ap vwayaje nan direksyon nò pou yo te kite 96 Street Station nan yon vitèski lan epi lè sa a tren yo te frape youn ak lòt epi tou de te deraye. Yo pa te rapòte okenn blesi grav.

Aprè ensidan an, ekipaj yo te fè pwogrè sibstansyèl lannwit lan epi pandan jounen vandredi a pou remete sou ray twa wagon ki te kite ray yo. Yo te retire tren an ki te an sèvis ki gen pasaje yo epi ekip yo kounye a ap abòde tren ki pa te gen pasaje ki te vandalize ki te deraye sou ray lokal la epi fè yon enspeksyon nan zòn nan epi fè nenpòt reparasyon ki nesèsè nan ray yo ak enfrastrikti yo pou pèmèt sèvis konplè retounen sou liy 1 2 3.

Konsèy Sekirite Transpò Nasyonal (National Transportation Safety Board, NTSB) sou plas epi ankèt yo sou ensidan sa a ap kontinye. Yo konseye kliyan yo tcheke [mta.info](https://www.mta.info) ak aplikasyon MYmta a pou dènye mizajou sou sèvis yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](https://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)